


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanna (Arikunto, 2013, kc. 203). Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif analisis.

Ratna dina Khodariah (2014, kc. 32) nétélakeun yén métode déskriptif analisis dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Dina ieu panalungtikan, anu didéskripsikeunana nyaéta ngeunaan déskripsi naskah, analisis ajén budaya jeung ajén agama dina naskah “Kitab Mi’raj Kangjeng Nabi Muhammad saw”.

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Sukmadinata (dina Sudjarat, 2016, kc. 30), desain panalungtikan téh nyaéta rarancang dilaksanakeunana hiji panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, aya sawatara léngkah anu baris dilaksanakeun, di antarana ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data, sarta nyieun kacindekan. Desain panalungtikan dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék data anu dicangking. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah Kitab Mi'raj Kangjeng Nabi Muhammad saw. Ieu naskah mangrupa salasahiji naskah tina mikrofilm rol 34-05 nu aya di Pusat Studi Sunda. Ieu naskah ditulis dina basa Sunda kalawan ngagunakeun aksara Arab Pégon. Kandel naskahna nyaéta 188 kaca, tapi dina naskah mah kacatetna 184 kaca lantaran kaca 167 balik deui ka kaca 163. Unggal kaca dina ieu naskah aya 11 jajar.



Gambar 3.1
Keterangan Mikrofilm



Gambar 3.2
Naskah Kaca Mimiti



Gambar 3.3
Kaca Tengah (93-94)



Gambar 3.4
Kaca Pamungkas

3.3 Téknik Panalungtikan

Téknik dina ieu panalungtikan ngawengku téknik ngumpulkeun jeung téknik ngolah data.

Ani Tsania Fathurahmah, 2018

*AJÉN BUDAYA JEUNG AGAMA DINA NASKAH
"KITAB MI'RAJ KANGJENG NABI MUHAMMAD SAW"*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik wawancara jeung studi pustaka.

- a. Wawancara dipaké pikeun ngalengkepan informasi ngeunaan idéntitas naskah.
- b. Studi pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun jeung neuleuman data (naskah) atawa tiori tur bahan-bahan anu aya patalina jeung panalungtikan, saperti macaan ngeunaan panalungtikan naskah Mi'raj Nabi nu saméméhna.

3.3.2 Téknik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpulkeun, léngkah satuluyna nyaéta ngolah atawa nganalisis data sacara langsung kana ajén budaya jeung ajén agama nu nyangkaruk dina naskah. Léngkah-léngkah nu digunakeun ku panalungtik dina ngolah ieu data nyaéta ku cara:

- 1) ngadéskripsikeun naskah;
- 2) nyusun transliterasi naskah;
- 3) nyusun édisi naskah tunggal (édisi standar);
- 4) nganalisis ajén budaya dumasar kana tujuh unsur budaya dina naskah;
- 5) nganalisis ajén kaagamaan dumasar kana dasar hukum agama Islam dina naskah;
- 6) ngumpulkeun sawatara cutatan naskah anu kaasup kana ajén budaya jeung ajén agama;
- 7) nyieun kacindekan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu luyu jeung masalah nu ditalungtikna (Sudrajat, 2016, kc. 32). Pikeun maluruh idéntitas naskah, panalungtik ngagunakeun pedoman wawancara anu mangrupa format idéntitas naskah saperti ieu di handap.

1.	Judul naskah	:
2.	Nomer Rol	:
3.	Nu boga mikrofilm	:
	a. Ngaran	:
	b. Umur	:
	c. Pakasaban	:
	d. Padumukan	:
4.	Tempat neundeun naskah	:
5.	Tempat ayana naskah	:
6.	Kaayaan naskah	:
7.	Ukuran naskah	:
8.	Jumlah kaca	:
9.	Jumlah baris dina unggal kaca	:
10.	Basa	:
11.	Aksara	:
12.	Ukuran aksara	:
13.	Cap Keretas (<i>watermark</i>)	:
14.	Paginasi	:
15.	Wangun karangan	: